



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MONIMAN ISTORIK ETA NEW YORK YO AP LIMEN AN BLE SASÈL AK MOV POU MAKE JOUNEN MONDYAL KONT PREVANSYON SWISID LA

Gouvènè deziyen mwa septanm kòm Mwa Prevansyon kont Swisid nan New York; li mete aksan sou efò kontinyèl pou amelyore sistèm sante mantal Eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke moniman ak pon yo atravè eta a pral limen an ble sasèl ak mov aswè a, 10 septanm lan, pou rekonèt Jounen Mondyal kont Prevansyon Swisid la epi atire atansyon sou revizyon sistèm swen sante mantal New York k ap kontinye a. Nan kòmansman semèn sa a, Gouvènè Hochul te pibliye yon [pwoklamasyon](#) ki deziyen mwa septanm kòm Mwa Prevansyon kont Swisid nan tout eta a epi [dekri efò](#) pou ede Nouyòkè yo konekte ak resous sante mantal yo, ki gen ladan [Liy Sekou kont Swisid ak Kriz 988 la](#).

"Nan jou sa a, nou pran lapeèn pou kavi ki te pèdi nan swisid epi nou redouble efò nou pou asire tout Nouyòkè kapab jwenn swen yo bezwen pou simonte pwoblèm sante mantal yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan agrandi dramatikman sèvis pou pasyan ekstèn yo rive nan fèmèn twou vid ki genyen nan kouvèti asirans pou sèvis sante konpòtmantal yo ak bay finansman pou nouvo inite rezidansyèl yo, administrasyon mwen an ap revizyon sistèm sante mantal eta nou an pou tout Nouyòkè yo jwenn bon jan sèvis pandan moman yo nan bezwen."

Moniman yo ki pral limen an rekonesans ak Jounen Mondyal kont Prevansyon Swisid la enkli:

- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station

- Moynihan Train Hall
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a.

Pou ogmante konsyantizasyon, Sant Prevansyon Swisid Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York la te lanse yon kanpay maketin dijital nan mwa sa a ki pral dewoule jiska mwa septanm epi ki mete aksan sou Liy Sekou kont Swisid ak Kriz 988 la, ki ofri yon nimewo twa chif ke yo sipòte nan tout 62 konte yo. Nouyòkè ki gen lide swisid ka rele oswa voye tèks bay 988 oswa vizite 988lifeline.org/chat pou jwenn yon koneksyon dirèk ak swen ak sipò.

Eta New York ap aplike kounye a [Plan Swen Sante Mantal](#) Gouvènè Hochul la pou renove swen sante mantal kontinyèl Eta a epi redwi drastikman kantite Nouyòkè ki gen bezwen sante mantal ki pa satisfè yo. Adopte kòm yon pati nan Bidjè Fiskal 2024 la, investisman 1 milya dola sa a pou plizyè ane bay 890 milyon dola nan kapital ak 120 milyon dola nan fon fonksyonman pou 3,500 nouvo inite rezidansyèl k ap sèvi moun ki gen pwoblèm sante mantal yo; 30 milyon dola pou elaji sèvis sante mantal pou timoun ki gen laj pou ale lekòl nan tout eta a, ki gen ladan 20 milyon dola pou sèvis ki baze sou lekòl yo ak 10 milyon dola pou aplike fòmasyon sèvis konplè; ak 10 milyon pou ranfòse pwogram prevansyon swisid pou jèn ki gen gwo risk yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418